



Somerville Community Preservation Act

Kisa akt prezèvasyon kominote nan Somerville ye?

Pa adopte la lwa de konsèvasyon kominotè nan lane 2012 avèk soutyen 76% elektè yo, residan Somerville yo te dakò ak yon frè adisyonè de 1,5 % taks sou byen imobilye ki konbine avèk yon match leta ak fon òswa lajan ki soti nan vil Somerville, ki kapab itilize pou finansye anpil pwojè nan kat (4) domèn



Depatman minisipal yo, group kominotè yo ak residan yo kapab aplike pou finansman pou CPA pou tout projè nan tout kat (4) kategori sa yo. Komite prezèvasyon kominotè a fè anpil rekòmandasyon nan Board Adlermen yo pou ouvri anpil espas, lwasi ak pwojè prezèvasyon istorik. Fon fidisyè pou lojman abòdab la pran yon desizyon sou pwojè lojman an. Jiskaprezan, an 2015 ak 2016 plis ke 7,9 milyon dola te distribye pou plis ke 20 pwojè. Sa genyen preske 2 milyon dola nan fon leta.



Ki jan de pwojè Community Preservation Act la sipòte?

Ou kapab wè benefis CPA nan chak seksyon nan Somerville. Men sou ki pwojè nou gentan travay:

- Amelyorasyon 8 jaden nan lekòl Somerville. Se Groundwork Somerville ki te implemente pwojè sa yo.
- Stabilizasyon Prospect Hill Tower pou li kapab ouve pou piblik la
- Restorasyon kavo ki nan simitye Milk Row
- Plan pou yon jaden kominote pou konekte lekòl Healy a , Mystic Housing Authority , ak Blessing of the Bay Boathouse
- Nap repara wout ki soti nan lin Cambridge la jiska Cedar street ak system drenaj pou zon nan
- Renovasyon pak Hoyt Sullivan nan ak espas ouve nan Allen Street
- Nou mete elevate nan mize Somerville and ak nan tanp B'nai Brith pou tout rezidan Somerville gen akse a kote sa yo
- Kay pou moun ki aje ak moun ki gen andikap

Pwojè sa yo ap vini byen tot, ou met siveye yo:



Somerville CPA



Apran plis sou inisyativ sa nan :
www.somervillema.gov/cpa